

# Fanmsaj ak sante kominotè

Pandan plizyè milye lane, depi byen anvan te gen doktè ak lopital, fanmsaj te toujou ap ede fanm jwenn bon jan lasante, ede akouche tibebe, epi ede fanmi devlope. Mande yon manman pou kisa li prefere pou yon fanmsaj pran swen l epi la di w ke fanmsaj yo gen bonjan konesans, yo gen pasyans, epi yo respekte tradisyon moun



Pou kisa fanmsaj se travayè lasante ki enpòtan epi ki gen anpil valè?

- Fanmsaj kwè nan fè tout sa ki posib pou gwosès ak akouchman pase byen, epi yo gen konfyans ke fanm ka travay ansanm pou pwoteje sante yo.
- Leplisouvan fanmsaj yo rete nan menm kominote kote yo ap travay la, se sak fè fanmi fanmsaj ede yo vin konnen yo byen epi yo fè yo konfyans.
- Anpil fanmsaj pase plis tan ak fanm y'ap okipe yo ke yon doktè oswa yon travayè lasante ki nan klinik. Sa pèmèt fanmsaj yo konprann medam yo pi byen, epi yo ka rekonèt siy danje yo atan.
- Pi fò fanmsaj se fi. Anpil fi santi yo pi alèz pou yo pale ak yon travayè lasante ki se fanm parèy yo.
- Fanmsaj reklame mwens lajan ke doktè ak lopital - rann kominotè a sèvis pi enpòtan pou yo ke lajan ak pouvwa.
- Nan kominote pòv kote ki pa gen anpil sèvis sante, anpil fwa se sèl fanmsaj yo ki se travayè lasante.

Pou tout rezon sa yo, pi fò kote nan lemond fanmsaj se premye moun e pafwa yo se sèl travayè lasante ki ede fanm nan akouchman ak lòt pwoblèm lasante. Sepandan, fanmsaj yo rankontre tout yon seri de pwoblèm nan fè travay enpòtan sa a.

## Defi

Petèt pi gwo lit ke fanmsaj (ak tout lòt travayè lasante) ap mennen se konbat maladi ak lanmò lakay fanm ak tibebe. Chak ane gen plizyè santèn de milye de fanm ki mouri nan gwasès ak nan akouchman. Gen plizyè milyon an plis ki pran frakti oswa ki domaje. Pi fò nan lanmò ak nan "frakti" sa yo se sitou pou fanm ki malere - ki pa gen ase manje, bon kay, ak bon jan swen sante.

Pi fò fanmsaj ki nan lemond ap viv nan kominote ki pòv, epi anpil la dan yo pa touche ase lajan ki pou pèmèt yo vin byen. Moun kap viv nan chak kominote dwe moutre fanmsaj yo ke yo apresye travay enpòtan y'ap fè a epi pou yo sipòte yo jan yo kapab. Otorite lokal ki gen bon konprann Ta dwe envesti sa yo kapab pou ede fanmsaj yo fè bon travay. Gouvènman sa yo pa fasil bay fanmsaj yo edikasyon ak ase materyèl, sepandan yo ap tann pou fanmsaj yo pran swen tout kantite fanm ki pa gen mwayen pou peye pou swen medikal.

Nonsèlman fanmsaj yo mal touche, men tou yo pa fasil jwenn respè yo merite pou travay y'ap fè ya. Twò souvan doktè ak lòt moun pa bay travay fanmsaj yo enpòtans. Lè moun pa trete fanmsaj tankou travayè lasante ki konsekan – tankou tout lòt moun ki gen menm objektif pou sante kominote a - sa afekte kapasiteyo genyen pou bay bon jan swen. Gen enstitisyon lasante ki neglije travay fanmsaj yo, tankou lè yo refize kite yon fanmsaj akompanye yon fanm ki prale lopital pou yon ka dijans.

*Mwen travay nan yon restoran ó jou pa semèn, apre sa mwen ale lakay mwen pou m'al okipe fanmi'm. Mwen toujou fatige; alò mari'm mande'm pou'm sispann fè akouchman.*

*Men mwen kontinye paske se yon bagay ke mwen fè byen, se sa mwen renmen, mwen santi se sa'm dwe fè.*



Fanmsaj tradisyonèl (ke yo rele matwòn) rankontre ak plizyè kalite pwoblèm. Anpil pwofesyonèl lasante, menm fanmsaj pwofesyonèl, konsidere fanmsaj tradisyonèl yo tankou moun ki pa konpetan oswa moun ki pa alamòd. Poutan fanmsaj tradisyonèl sa yo ka gen anpil konesans nan zafè akouchman ak remèd fèy, bon jan teknik masaj (manyen), ak lòt bon kalite tretman. Alòske plis moun ap kite andeyò pou ale abite lavil, fanmsaj sa yo ka se sèl moun ki rete pou konseve konesans ak koutim kominote a. Anpil fwa fanmsaj tradisyonèl travay gratis oswa pou ti kras lajan, men yo fè travay yo byen paske yo kwè sa y'ap fè ya enpòtan. Menm jan ak lòt fanmsaj, yo kontinye fè travay yo paske yo renmen fanm ak tibebe, paske yo vle bay kontribisyon pa yo nan kominote a, oswa paske yo resevwa yon apèl esprityèl pou fè travay sa a.

### **Ki jan Yon Liv pou Fanmsaj ka ede**

Fanmsaj bezwen enfòmasyon ki kòrèk ki pou ede yo pwoteje santé ak byennèt fanm, tibebe ak fanmi. Yo bezwen gen estrateji pou konbat povrete ak move tretman fanm, epi pou yo kolabore ak lòt travayè lasante pou chache lasante pou tout moun. Nou fè revizyon **Yon Liv pou Fanmsaj** nan objektif sa yo. Nan edisyon **Yon Liv pou Fanmsaj** sa a, w'ap jwenn:

- enfòmasyon ki ou ede w pran swen fanm ak tibebe yo pandan gwosès, tranche, akouchman, epi pandan detwa semèn ki vin apre akouchman an, paske se premye responsablite pi fò fanmsaj.
- bon jan konesans pou ede w pwoteje pandan tout lavi yon fanm kapasite pou l



repwodwi, paske bezwen santé yon fanm se bagay ki enpòtan ni lè l'ap prepare l pou fè pitit ni lè li pap fè pitit, epi paske santé yon fanm ki pa ansent pèmèt moun konnen si li ap an bon santé lè li ansent ak lè li ap akouche

- metòd ki sennesòf, ki bay bon rezilta ni pou fanmsaj tradisyonèl ni pou fanmsaj modèn, tretman ki baze sou lasyans medikal, paske bon kalite laswenyay pou tranche ak nan akouchman sèvi ak tretman ki soti ni nan lasyans medikal ni nan tradisyon fanmsaj.

*Grann mwen se fanmsaj. Li sèvi avèk remèd fèy ak masaj pou ede fanm ansent.*

- diskisyon sou kouman povrete ak refize rekonèt bezwen pou santé fanm yo, epi kouman fanmsaj ka travay pou amelyore kondisyon sa yo, paske si kondisyon sa yo chanje sa ka pote bon jan kalite chanjman nan la santé.



- sigjesyon sou kouman fanmsaj ka epi ta dwe kolabore youn ak lòt, ak lòt travayè la santé, epi ak tout kominote a, paske mete tèt ansanm bay tout moun plis konesans epi sa pèmèt plis aksyon fèt pou amelyore santé fanm yo pi byen toujou.

*Mwen te ale lekòl lavil la pou'm ka vin yon fanmsaj, epi sa pèmèt mwen moutre grann mwen kèk metòd sou fason pou li esterilize zouti, chache move siy, epi pou l ka fè akouchman pi byen.*

Bezwen pou fanmsaj pap janm chanje. Fanm ak fanmi yo ap toujou bezwen swen nan kompasyon ak respè anvan,

pandan epi apre akouchman. Epi paske fanmsaj benefisye lè yo gen plis konesans, nou swete ke enfòmasyon tou nèf ki nan liv detaye ak sa a ap pèmèt fanmsaj tout kote aprann bon jan kalite teknik tou nèf ki ka sove lavi, nan fason y'ap sèvi ak teknik sa yo pou ede fanm, tibebe ak fanmi ki bezwen sèvis yo.

*Men mwen toujou kontinye aprann ansyen metòd yo nan men l. Anpil ladan yo bay pi bon rezilta ke nouvo metòd yo.*